elderplan|homefirst
yon manm Sistèm Sante MJHS la

Bezwen Sosyal Ki Gen Rapò ak Sante (HRSN) Depistaj ak Sèvis

<Date>

<Barcode><Letter Code>

<Name>

<Address>

<City>, <State>, <Zip>

KONSÈNAN: Bezwen Sosyal Ki Gen Rapò ak Sante (HRSN) Depistaj ak Sèvis

Chè <First Name> <Last Name>:

Depi 1ye Janvye 2025 rive, ou ka antre an kontak ak òganizasyon nan kominote w la ki bay sèvis pou ede ak lojman, transpò, jesyon swen san w p ap peye nan yon Rezo Swen Sosyal (SCN) rejyonal.

- Nan SCN sa, ou ka rankontre ak yon Navigatè Swen Sosyal ki ka verifye elijiblite w pou sèvis ki ka ede w ak sante w ak byennèt ou. Y ap poze kèk kesyon pou wè nan ki domèn ou ka bezwen kèk sipò siplemantè.

- Si ou kalifye pou sèvis yo, Navigatè Swen Sosyal la ka travay avè w pou w jwenn sipò ou bezwen an. Ou ka kalifye pou w jwenn plis pase yon sèvis, selon jan sitiyasyon ou an ye a. Nan sèvis sa yo ka gen:

    - Sipò pou lojman ak sèvis piblik:
        - Enstale modifikasyon nan kay la tankou ranp, ranp pou men ak ba fè pou w apiye yon fason pou rann kay ou a aksesib epi an sekirite.
        - Repare epi ranje fuit dlo yo pou anpeche mwazi pran kay la.
        - Bouche tou yo ak kote ki fisire yo pou anpeche ensèk nuizib antre nan kay ou a.
        - Bay yon klimatizè, yon chofaj, yon imidifikatè oswa yon dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon nan kay ou a.
        - Ede ou jwenn epi aplike pou yon lojman ki sekirize epi ki estab nan kominote a.

- Sèvis transpò:
    - Ede w gen aksè ak transpò piblik oswa prive pou deplasman SCN apwouve yo tankou: pou w ale nan entèvyou, nan kou pou paran yo, nan tribinal lojman pou anpeche yo mete w deyò lakay ou, ak nan biwo minisipal oswa nan biwo eta pou w jwenn dokiman enpòtan yo.

- Sèvis jesyon swen:
    - Jwenn èd pou w jwenn yon travay oswa yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl, pou w aplike pou avantaj piblik, pou w jere finans ou ak pou anpil lòt ankò.
    - Mete w an kontak ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèvansyon lè gen kriz, pwogram health home ak anpil lòt ankò.

Si w entèrese, tanpri rele HomeFirst epi n ap mete w an kontak ak yon SCN ki nan zòn ou. Navigatè Swen Sosyal la ap verifye elijiblite w, l ap di w plis sou sèvis sa yo epi l ap ede w antre an kontak ak yo.

Nou mete manyèl pou manm ou an ajou pou montre chanjman sa. Mizajou sa disponib sou sit entènèt nou an sou: https://www.elderplan.org/medicare-advantage-plan-options/plan-materials/homefirst-plan-materials/

HomeFirst la pou ou.

Tanpri rele Member Services nan 1-877-771-1119 (TTY 711), 8:30 am pou rive 5 pm, Lendi jiska Vandredi si w:

- gen nenpòt kesyon ki konsène enfòmasyon sa yo;
- pa ka gen aksè ak entènèt pou w konsilte mizajou sa; oswa
- ta renmen yo voye mizajou sa pou ou pa lapòs.

Sensèman,

Ekip Sipò HomeFirst ou a

AVI KONT DISKRIMINASYON

Elderplan/HomeFirst konfòme l ak lwa Federal ki sou dwa sivil yo. **Elderplan/HomeFirst** pa nan pati pri ni li pa trete moun yon fason ki diferan poutèt ras, koulè, peyi orijin, laj, andikap oswa sèks yo.

Elderplan/HomeFirst bay avantaj sa yo:

- Èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap yo pou ede yo kominike avèk nou, tankou:
  - Entèprèt ki kalifye nan lang siy
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik ki aksesib, lòt fòma)
- Sèvis lang gratis pou moun Anglè pa lang matènèl yo, tankou:
  - Entèprèt ki kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo, rele **Elderplan/HomeFirst** nan 1-877-771-1119. Pou sèvis TTY/TDD yo, rele 711

Si ou panse **Elderplan/HomeFirst** pa t ba ou sèvis sa yo oswa li te trete ou yon fason ki diferan poutèt ras ou, koulè w, peyi orijin ou, laj ou, andikap ou oswa sèks ou, ou ka depoze yon doleyans bay **Elderplan/HomeFirst**:

Pa lapòs:	55 Water Street, 46th Floor, New York, NY 10041
Telefòn:	1-877-326-9978 (pou sèvis TTY/TDD yo, rele 711)
Faks:	1-718-759-3643
An pèsòn:	6405 Seventh Avenue, Brooklyn, NY 11220

Ou ka depoze yon plent pou vyolasyon dwa sivil tou nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Depatment of Health and Human Services), Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights):

Sou Sit Entènèt:	Pòtay Plent Biwo Dwa Sivil la nan *https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf*
Pa lapòs:	U.S. Department of Health and Human Services 200 Independence Avenue SW., Room 509F, HHH Building Washington, DC 20201 Fòmile Plent yo disponib sou http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.
Telefòn:	1-800-368-1019 (TTY/TDD 800-537-7697)

ATTENTION: Language assistance services, free of charge, are available to you. Call 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	English
ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	Spanish
注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	Chinese
ملحوظة: إذا كنت تتحدث اذكر اللغة، فإن خدمات المساعدة اللغوية تتوافر لك بالمجان. اتصل برقم 1-877-771-1119 >(رقم هاتف الصم والبكمTTY/TDD:711	Arabic
주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다1-877-771-1119, TTY/TDD: 711. 번으로 전화해 주십시오.	Korean
ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-877-771-1119 (телетайп: TTY/TDD: 711).	Russian
ATTENZIONE: In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-877-771-1119, TTY/TDD:711.	Italian
ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	French
ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	French Creole
אויפמערקזאם: אויב איר רעדט אידיש, זענען פארהאן פאר אייך שפראך הילף סערוויסעס פריי פון אפצאל. רופט <1-877-771-1119, TTY/TDD: 711	Yiddish
UWAGA: Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	Polish
PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	Tagalog
লক্ষ্য করুনঃ যদি আপনি বাংলা, কথা বলতে পারেন, তাহলে নিঃখরচায় ভাষা সহায়তা পরিষেবা উপলব্ধ আছে৷ ফোন করুন ১1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	Bengali
KUJDES: Nëse flitni shqip, për ju ka në dispozicion shërbime të asistencës gjuhësore, pa pagesë. Telefononi në 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	Albanian
ΠΡΟΣΟΧΗ: Αν μιλάτε ελληνικά, στη διάθεσή σας βρίσκονται υπηρεσίες γλωσσικής υποστήριξης, οι οποίες παρέχονται δωρεάν. Καλέστε 1-877-771-1119, TTY/TDD: 711.	Greek
خبردار: اگر آپ اردو بولتے ہیں، تو آپ کو زبان کی مدد کی خدمات مفت میں دستیاب ہیں ۔ کال کریں 1-877-1-877-771-1119 TTY/TDD: 711	Urdu